Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc julliwul ag julli ginnaaw bi saaru {Isaa jaa-a nasrul Laahi walfathu} [An-Nasr: 1] wàccee ci moom lu dul dana ca wax: "Subhaanaka Rabbanaa wa bihamdika Allaahuma ixfir lii

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc julliwul ag julli ginnaaw bi saaru {Isaa jaa-a nasrul Laahi walfathu} [An-Nasr: 1] wàccee ci moom lu dul dana ca wax: "Subhaanaka Rabbanaa wa bihamdika Allaahuma ixfir lii". Jële nañu ci moom it mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na baril lu muy wax ci ay rukkóom ak i sujjóotam: «Subhaanaka Allaahuma Rabbanaa wa bihamdika, Allaahuma ixfir lii» di firi Alxuraan.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Ndayu jullit ñi Aysatu yal na ko Yàlla dollee gërëm day xibaare ne Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ba saaru {Isaa Jaa-a nasrul Laahi walfathu} wàccee ci moom dafa firi Alxuraan gaaw jëm ci jëfe ndigalu Yàlla mu kawe mi ci waxam ji: {Fa sabbih bihamdi Rabbika wastaxfirhu}, mu daan baril lu muy wax ci ay sujjóotam ak i rukkóom ci jamonoy julli gi: "Subhaana" ag sellal ñeel na la ci gépp mànkite ci lépp lu yellul ci yaw, "Allaahuma Rabbanaa wa bihamdika" ci tagg gu ñu gërëm ci yaw ngir sa matug jëmm ak say melo ak say jëf, "Allaahuma ixfir lii" faral ma samay bàkkaar te baal ma ko.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5212